

## **BAB III**

### **MÉTODEU PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Desain Panalungtikan**


Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métodeu déskriptif. Métodeu panalungtikan minangka cara utama nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngahontal tujuan jeung ngajawab kana masalah anu diajukeun. Métodeu panalungtikan nyaéta anggapan dasar ngeunaan hiji hal anu dijadikeun dadasar mikir dina ngalaksanakeun panalungtikan (Juliansyah, 2013, kc. 254). Métodeu déskriptif nyaéta métodeu anu digunakeun pikeun ngungkulan masalah aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun, ngawilah-wilah, nganalisis, sarta ngainterprétasikeun, Ahmad jeung Narbuko (dina Huri, 2010, kc. 49). Métodeu déskriptif mangrupa métodeu panalungtikan anu ngagambarkeun sarta ngainterprétasikeun objék saluyu jeung kaayaanana, Sukardi (dina Huri, 2010, kc. 49).

Métodeu déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis interférénsi grafologi dina nuliskeun éjaan, interférénsi léksikal, interférénsi morfologi dina wangun kecap, interférénsi sintaksis dina adegan frasa jeung kalimah sarta faktor nu ngabalukarkeun ayana interférénsi dina surat pribadi siswa kelas VIII.

Desain panalungtikan nyaéta prosés anu dirarancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan. Ieu desain panalungtikan disusun dumasar kana léngkah-léngkah: ngarumuskeun masalah, ngumpulkeun data, ngolah data, déskripsi data, jeung kacindekan.

Ieu desain panalungtikan digambarkeun dina ieu bagan di handap.

### Bagan 3.1 Desain panalungtikan



Ariska, 2016

*Interférénsi Basa Indonésia Kana Basa Sunda Dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2016-2017*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



### 3.2 Data jeung Sumber Data

Data ieu panalungtikan téh nyaéta kalimah atawa kecap nu ngalaman interférensina dina surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2016/2017. Ari sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2016/2017 anu jumlahna aya 34 urang, lalaki 14 urang awéwé 20 urang .

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés jeung téhnik angkét. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2016-2017. Téhnik angkét digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan faktor-faktor nu ngabalukarkeun ayana interférensina.

Ari ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Ngaruntuykeun surat pribadi siswa dumasar nomer absén;
- b. Maca surat pribadi siswa;
- c. Nyirian kecap atawa kalimah nu ngalaman interférensina;
- d. Nyatet interférensina nu kapanggih dina surat pribadi siswa kana kartu data;
- e. Ngaruntuykeun angkét siswa dumasar nomer absén;
- f. Maca hasil angkét:

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat/fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih

Ariska, 2016

*Interférensina Basa Indonésia Kana Basa Sunda Dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2016-2017*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

hade, Arikunto (dina Denis, 2015, kc. 46). Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta lembar téés, kartu data, jeung angkéét.

### 3.4.1 Lembar Téés

Lembar téés dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun data, ieu lembar téés téh pikeun nyieun surat pribadi siswa. Ieu lembar téés digambarkeun saperti di handap.

Lembar Téés	
Wasta :	
Kelas :	
Pék jieun surat pribadi sewing-séwangan, tujuana bébas, gunakeun basa nu bener tur merenah !	
Téks Surat Pribadi	

### 3.4.2 Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun nyatet interférénsi nu aya dina surat pribadi siswa kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung taun ajaran 2016/2017. Dina kartu data dicatet informasi nu mangrupa nomer data, kalimah atawa kecap anu ngalaman interférénsi, kode data, wangun interférénsi jeung kalimah anu benerna. Kartu data nu digunakeun diébréhkeun ieu di handap.

001	
Kecap/ kalimah	: kuring mah <i>bangga</i> jadi urang Indonesia (S1/P2/K4)
Wangun interférénsi	: Léksikal
Kalimah bener	: kuring mah <i>reueus</i> jadi urang Indonesia

Keterangan:

001 : Kode data  
 S1 : Siswa ka 1  
 P2 : Pada ka 2  
 K4 : Kalimah ka 4

### 3.4.3 Angkét

Angkét digunakeun pikeun ngumpulkeun data ngeunaan faktor-faktor nu ngabalukarkeun ayana interférénsi. Umumna angkét ménta katerangan ngeunaan *fakta* nu dipikanyaho ku *responden* ogé ngeunaan sawangan atawa sikep (Nasution, 2009, kc. 128). Conto Angkét:

Wasta:

Kelas:

1. Suku/sélér bangsa indung ...
  - a. Suku Sunda
  - b. Suku Jawa
  - c. Suku Batawi
  - d. Suku séjén
2. Suku/ sélér bangsa bapa ...
  - a. Suku Sunda
  - b. Suku Jawa
  - c. Suku Batawi
  - d. Suku séjén
3. Agama anu diagem ku hidep ...
  - a. Islam
  - b. Kristen
  - c. Budha
  - d. nu séjén
4. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung indung bapa...
  - a. Basa Sunda
  - b. Basa Indonesia
  - c. Basa Sunda jeung Indonesia
  - d. Basa séjén
5. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung guru basa Sunda di sakola...

Ariska, 2016

*Interférénsi Basa Indonésia Kana Basa Sunda Dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2016-2017*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

a. Basa Sunda	c. Basa Sunda jeung Indonesia
b. Basa Indonesia	d. Basa séjén
6. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung guru séjén di Sakola...	
a. Basa Sunda	c. Basa Sunda jeung Indonesia
b. Basa Indonesia	d. basa séjén
7. Basa nu digunakeun waktu nyarita jeung babaturan...	
a. Basa Sunda	c. Basa Sunda jeung Indonesia
b. Basa Indonesia	d. Basa séjén
8. Sumber bacaan nu dibaca ngagunakeun basa...	
a. Basa Sunda	c. Basa Sunda jeung Indonesia
b. Basa Indonesia	d. Basa séjén
9. Basa nu digunakeun dina media social...	
a. Basa Sunda	c. Basa Sunda jeung Indonesia
b. Basa Indonesia	d. Basa séjén

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis unsur langsung fonologis/grafologis, léksikal jeung gramatikal. Analisis unsur langsung nyaéta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana, Hockett (dina Sudaryat, 2004, kc. 32) Éta data diolah kalawan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- a. Mariksa deui data nu geus dikumpulkeun;
- b. Nyieun papasingan data dumasar kana wangun interférénsina;
- c. Mindahkeun interférénsi nu dina kartu data kana tabel data;
- d. Nganalisis interférénsi nu kapanggih;
- e. Nganalisis hasil angket nu dibagikeun ka siswa;
- f. Nyieun kacindekan.

Ariska, 2016

*Interférénsi Basa Indonésia Kana Basa Sunda Dina Surat Pribadi Siswa Kelas VIII-2 SMP Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2016-2017*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

